



Pou Piblikasyon Imedya: 03/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE COXSACKIE, KINDERHOOK AK CAMBRIDGE KÒM GAYAN PREMÈ FAZ PWOGRAM FORWARD NY LA POU REJYON KAPITAL LA

Vilaj Coxsack iepral resevwa 4.5 milyon dola; Vilaj Kinderhook ak Cambridge pral resevwa 2.25 milyon dola yo chak

Nouvo pwogram NY Forward 100 milyon dola a baze sou elan inisyativ revitalizasyon anba lavil reyisi a pou sipòte yon rekiperasyon ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vilaj Coxsackie pral resevwa 4.5 milyon dola, epi Vilaj Kinderhook ak Cambridge pral resevwa yo chak 2.25 milyon dola finansman antanke gayan Rejyon Kapital la pou premye faz NY Forward la. Baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) reyisi eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye epi Aji" kòm DRI pou sipòte yon rekiperasyon anba lavil ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo. Nan kad Premye Faz NY Forward la, yo pral akòde de a twa prim bay kominote ki pi piti yo nan chak nan dis rejyon devlopman ekonomik eta a pou sipòte devlopman ak aplikasyon yon plan revitalizasyon pou anba lavil yo.

"Ti vil New York yo se gwo motè ekonomik eta nou an - se poutèt sa n ap envesti nan kominote lokal yo pou bay rezidan yo travay, zouti, ak enfrastrikti yo bezwen pou yo pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman sa yo pral ede Vilaj Coxsackie, Kinderhook, ak Cambridge re-imagine anba lavil yo, amelyore kalite lavi pou rezidan yo ak vizitè yo, epi kreye nouvo opòtinite travay ak biznis atravè Rejyon Kapital la."

[NY Forward](#) se yon eleman santral nan efò devlopman ekonomik eta a, k ap travay ansanm avèk DRI pou akselere ak elaji revitalizasyon anba lavil New York yo. NY Forward sèvi kominote ki pi piti yo avèk yon karaktè istorik ki distenge yo de pi gwo distri komèsyal santral iben yo ki finanse jeneralman atravè DRI. Kominote NY Forward yo se kominote pyeton, ki se zòn ki mwen dans ki sèvi kominote lokal dirèk la, epi ki gen plis nati lokal - ki konsantre sou anviwònman rezidansyèl dirèk oswa devlopman agrikilti santral la.

Menm jan ak DRI, chak kominote NY Forward pral devlope yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a atravè yon seri pwojè ki fasil pou egzekite.

Depatman Deta a pral bay plis asistans teknik pou pi byen sipòte kominote ki pi piti yo ki ka gen mwens kapasite nan kad pwogram NY Forward la epi finanse pwojè ki apwopriye pou gwosè chak kominote. Pwojè yo ka gen ladan renovasyon ak reyamenajman bilding, nouvo konstriksyon oswa kreyasyon nouvo espas piblik oswa amelyore espas piblik yo ak lòt pwojè ki ogmante kalite espesifik kiltirèl, istorik ki amelyore santiman cham ti vil yo.

Coxsackie

Anba Lavi Coxsackie se modèl ti vilaj New York ki gen anpil ekipman natirèl, yon wout prensipal pitorèsk ak òf atistik ak kiltirèl pandan tout ane a. Kominote anba lavi konpak epi ki aksesib pou pyeton sa a bay yon destinasyon akeyan pou achte ak vizite nan Distri Nasyonal Reed Street la ak opòtinite lwazi deyò nan Riverside Park ki fèk renove a, ki òganize tou Mache Fèmme Coxsackie a soti me jiska septanm ak seri konsè pandan ete Music in the Park (Mizik nan Pak) la. Pandan ke youn nan anpil kominote sou Rivyè Hudson la, Coxsackie gen petèt sipèfisi ki pi aksesib pou piblik la epi ki pi plat ak vast panorama; yon vrè sansasyon pòtay. Yon nouvo afliks rezidan ak opòtinite pou kwasans travay ap ede revitalize ekonomi Vilaj la, sa ki fè plis investisman posib nan sektè atistik, lojman ak amizman ak rekreyasyon. Vilaj la ap chèche pwofite pi bon avantaj li yo, tankou bote natirèl zòn nan ak sansasyon ti vil riral, pou kreye yon kominote kote moun vle viv, travay ak jwe. Coxsackie pral reyalize vizyon sa a atravè pwojè amelyorasyon piblik, amelyorasyon atistik ak kiltirèl, ak opsyon lojman amelyore ak elaji pou plis revitalizasyon.

Kinderhook

Vilaj Kinderhook ofri rezidan li yo yon kalite lavi ki defini pa istwa lokal li yo ak lyen kominotè solid. Sant Kinderhook defini pa Village Square li a - yon zòn pak piblik chaman ki sèvi kòm sant rasanbleman kominotè ak lavi komèsyal ak sivik. Rezo orijinal Vilaj la ki gen lari pou pyeton ak liy pyebwa, yon seri etablisman ki vann an detay ak manje ak pak vèt li yo envite opòtinite lwazi pou fanmi ak moun ki gen tout laj ak mobilite. Soti nan kat galri atistik klas mondyal la pou rive nan Sosyete Istorik Konte Columbia pou rive nan Mache Fèmme Kinderhook la ki genyen prim lan, Kinderhook atire yon kominote ki gen divès rezidan ak vizitè. Dènye investisman lokal prive ak federal la te dinamize rezijans komèsyal Kinderhook a epi ankouraje kwasans travay ak opòtinite. Vilaj Kinderhook ap chèche vin yon kominote pòtay nan byen natirèl, kiltirèl ak istorik Konte Columbia. Avèk yon angajman pou kreye yon kominote ak avni dirab pou Kinderhook, vizyon an kounye a se bati sou karaktè ak divèsite inik kominote a, amelyore kalite lavi epi alimante ekonomi vilaj la. Vizyon sa a pral reyalize nan amelyore aksè ak sekirite pou monte bisiklèt ak mache, re-dinamize vitrin boutik vid yo, amelyore bilding istorik ak enstalasyon ak elaji ekipman lwazi yo.

Cambridge

Vilaj Cambridge se yon sant ekonomik, sosyal ak kiltirèl nan seksyon riral Konte Washington. Peyizaj li fòme pa kolin ki chaje ak fèm k ap fonksyone, vilaj ak panorama pitorèsk sou mòn Adirondacks ak Taconic yo nan New York ak Green Mountains nan Vermont. Li se yon koloni istorik, ki te fonde an 1761, ak atè prensipal ki mezire 3 km, Main Street ak Park Street, alinye ak kay, boutik, biznis, lye rasanbleman kominotè

istorik ak lekòl piblik rejyonal K-12 la. Vilaj la konpak, pratik pou pyeton, epi li genyen ase atraksyon kle pou ankouraje moun viv nan Vilaj la, tankou Hubbard Hall Center for the Arts and Education (Sant Hubbard Hall ou Atizak ak Edikasyon), Valley Artisans Market (Mache Atizan Valley) ak Cambridge Valley Farmers Market (Mache Fèmye Cambridge Valley). Ti kominote ibanize sa a anvizaje rete yon sant aktivite ekonomik, sosyal ak kiltirèl pou rejyon an—yon enkibatè pou antreprenè, atis ak pratikan agrikòl yo. Vilaj la vize pou ofri yon kalite lavi ekselan, selebre istwa li ak koneksyon ak anviwònman natirèl la epi sèvi kòm yon espas aktif kote divès moun ki gen tout laj ak tout kapasite ap viv, travay, inovè, jwe, eksplòre ak konekte. Cambridge pral konsantre sou pwojè ki reyabilite ak mete ajou estrikti istorik, kreye santye ak koneksyon ant resous natirèl yo, adrese enkyetid enfrastrikti enpòtan yo ak elaji opsyon lojman.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Kominote anba lavil New York yo se kè ak nanm rejyon nou yo, epi pwogram NY Forward la ap envesti nan ti sant vil nou yo pou ede asire yo ka patisipe nan renesans rezijans ekonomik eta nou an. Antanke premye kominote yo nan Rejyon Kapital la k ap resevwa finansman nan men NY Forward, Coxsackie, Kinderhook ak Cambridge pral kounye a chwazi pwojè ki aplike vizyon yo pou revitalizasyon epi mete yo sou wout pwosperite ekonomik pou jenerasyon k ap vini yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Gen cham abondan ak bote natirèl pou yo dekouvri nan Vilaj Coxsackie, Kinderhook ak Cambridge, epi plan NY Forward pou revitalize kominote ki pi piti yo ak kominote riral yo pral bati sou apèl sa a pou alimante dinamik ekonomik yo. Gayan premye tou sa yo gen kounye a finansman pou sipòte plan ki pral pi byen konekte anba lavil yo, kreye aksè ak resous natirèl yo ak plis amelyorasyon nan atizaz, enfrastrikti ak lojman."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Prim jodi a pral bay yon ogmantasyon enpòtan pou redevlopman vilaj istorik Cambridge, Coxsackie, ak Kinderhook. Atravè yon investisman estratejik konbine, Eta a ap travay kole kole ak lidè lokal yo ak moun ki gen enterè yo nan kominote a pou bay benefis alontèm pou rezidan yo ak biznis yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou amelyore anba lavil yo, gwo kou piti, atravè New York atravè pwogram inovan sa a."

Senatè Eta Jacob Ashby te deklare, "Vilaj la sa a se youn nan bèl jwayo nan Konte Washington. Anba lidèchip Majistra Bogle, Cambridge te sipòte ti biznis k ap pwosperè yo, li te ankouraje atraksyon kle yo, yo te bay sèvis fyab ak pwoteje kontribiyab yo. Mwen rekonesan dèske gouvènè a konnen ke nou konnen ke li sou pik li epi merite investisman estratejik eta a."

Manm Asanble Chris Tague, te deklare, "Vilaj Coxsackie la eksepsyonèl ak kwasans ekonomik ak aktivite dinamik. Investisman sa a pral non sèlman afekte Vilaj Coxsackie men tou rejyon an. Mwen onore pou m reprezante yon zòn ki rekonèt nan Pwogram NY Forward la."

Manm Asanble Scott Bendett, te deklare, "Mwen kontan wè ke Coxsackie, Kinderhook ak Cambridge se ganyan Rejyon Kapital yo nan premye faz Pwogram NY Forward la. Pwogram sa a vize sipòte kominote nou yo ak revitalizasyon ak rekiperasyon anba lavil, epi vil sa yo merite li anpil. Mwen kontan wè ki efò rekiperasyon ak devlopman ki fèt kòm rezilta finansman sa a."

Majistra Coxsackie a, Mark Evans, te deklare, "Nan non rezidan Vilaj Coxsackie, mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou sibvansyon jenere sa a. Sibvansyon sa a pral pèmèt nou kontinye revitalizasyon Vilaj nou an epi kontinye vizyon pou zòn anba lavil/litoral nou an".

Majistra Kinderhook la, Michael Abrams, te deklare, "Nou rekonesan pou konfyans ak patenarya ak Gouvènè Hochul ak Eta New York nan bay finansman ki enpòtan anpil sa a. Lajan sa yo pral ede nou soutni estrikti istorik nou yo epi atire epi devlope ti biznis ki se eleman vital kominote nou an."

Majistra Cambridge la, Carman Bogle, te deklare, "Nan non Vilaj Cambridge, nou onore pou nou resevwa sibvansyon NY Forward la. Nou pa ka tann pou nou travay avèk Eta a pou nou pote vivifye plan revitalizasyon anba lavil nou an."

Ko-Prezidan CREDC Kapital la Ruth Mahoney, Vis Prezidan Egzekitif, Prezidan Jesyon Richès ak Prezidan Rejyonal NBT Bank, ak Doktè Havidán Rodríguez, Prezidan University at Albany, te deklare, "REDC Kapital la konprann richès kominote riral ak ti kominote nou yo ke yo rekonèt pou istwa, kilti ak kalite lavi yo. Gras ak NY Forward, Coxsackie, Kinderhook ak Cambridge pral gen sipò estratejik pou kontinye mete aksan sou fòs yo epi reyalize totalman potansyèl ekonomik yo."

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Kapital la te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif sou pwopozisyon ke kominote nan tout rejyon an te soumèt, epi li te konsidere kritè sa yo anvan li rekòmande kominote sa yo antanke benefisyè:

- Anba lavil la dwe konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi mete anplas politik k ap ogmante kapasite pou viv ak kalite lavi;
- Minisipalite a dwe te fè yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti sou yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis pwojè ak inisyativ preliminè k ap kapab antre nan yon Plan Envetisman Estratejik;

- Minisipalite a te idantifye pwojè ki pote transfòmasyon k ap pare pou mete anplas akoutèm avèk yon enjeksyon fon NY Forward; epi
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis planifikasyon an epi mete pwojè yo anplas, ansanm ak kapasite pou sipèvize kontra yo pou pwojè minisipal yo atribye yo.

Coxsackie, Kinderhook ak Cambridge pral kounye a kòmanse pwosesis elaborasyon yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil yo a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè ki aliye ak vizyon kominote a epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Y ap akòde finansman pou pwojè yo chwazi ki soti nan Plan Envestisman Estratejik la genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans alontèm.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418